Псом япэ зи гугъу щIыпхъэр кавказ щыIъхум ибгъумкIэ укъыщепIымэ, пэпкъ пышиикIа иIэу зэрыщытраща *(«резко профилированный лицевой скелет»).* Дауэ ар къыззрыбгурыIуэнур? Мис, мыпхуэдэу щхьэкъупщхьэр и бгъуагъкIэ зэгуэтхрэ, *(и пэблым иоIуэ)* ищхьэмкIэ дыкъыщепIымэ, кавказ лъэпкъым щыщ цIыхум и пэпкъыр кхъухьым и пэм ещхьу пышиикIащ. Абы «резкая профилировка» хужаIэ. Кавказ лъэпкъхэм, дуней псом щыIэ лъэпкъхэм елъытауэ, пэпкъ нэхъ хэгъэщхьэхукIа яIэу пхужьIэнущ. Монгол лъэпкъхэм, псалъэм папщIэ, я нэпкъпэпкъыр нэхъ теупIэщIауэ щытщ, Кавказым къыщалъхуахэм емыщхьхэу.

Старостин Сергей хуэбгъэдэфыну дунейм бзэ щIэныгъэлIипщI хуэдиз тетми арат. Ди жагъуэ зэрыхьущи, бзэ щIэныгъэлI куэд щIалэу дунейм ехьжащ, псом хуэмыдэу Кавказымрэ Азие Гупэмрэ щыпсэу лъэпкъыбзэхэр зыджахэр. Старостиным зэрыжиIэмкIэ, Китай-тибет лъэпкъхэм я пасэрей бзэжьыр зы лъэныкъуэкIэ, кавказ лъэпкъхэм я пасэрейбзэр мыдрей лъэныкъуэкIэ зэбгъапщэмэ, тIуми зы къежьапIэ яIэу къыщIокI. Ауэ ахэр зэтехуэу щыщытар илъэс 15000-кIэ узэIэбэкIыжмэщ. Нэрылъагъу зэрыхъуамкIэ, а бзэ къудамитIми Азие Гупэм зыщагъжьащ, Кавказри яхэту, иужькIэ КъуэкIыпIэмкIэ заубгъун щIадзащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Китаймрэ Кавказымрэ я зэхуакум благъэгъэкIэ зэпыщIа бзэ пъэмыжьышхуэ ироклэ, Пакистан Ищхъэрэм, Таджикистаным, Афганистаным щызекIуэхэри хыхьэу. Дауэ хъун ар? Китайхэмрэ Кавказ щыIъхуэхэмрэ жьжьэрэ гъунэгъуу зэбгъэдыхьэркъым теплъэкIэ. Абыхэм бзэ зэщхь яIурылъынкIи хъуну?

Мыпхуэдэуи ущIэупщIэ хъунущ: тыркухэр тувинхэм е якутхэм ещхь? Псалъэм папщIэ, тыркубзэ, азербайджанызбзэ, балъкъэрыбзэ е къымыкъубзэ зыщIэм зыхуэйр тувиным е якутым зыгуэрурэ къыгуригъэIуэфынущ. «Мы гъуэгур захуэу кIуэрэ, хьэмэрэ зигъэшрэ? Абы псы щыIэ?» псалъэухахэм ещхь жьыIэгъуэ кIэщIкIэ.

Кавказыбзэхэмрэ китаибзэмрэ егъэлеяуэ зэпэжьжьэщ. ЩIэныгъэлI Iэмалкlэ фIэкIа уIэIэсыжьнукъым ахэр зэблагъэу зэрыщытым. Ауэ ахэр зэрызэпэгъунэгъур куэдщ. Тхыдэм къыбгурегъаIуэ абы и щхьэусыгъуэр. Иджырей тырку лъэпкъхэр (тюркхэр) Монголием къыщежьэри, къухьэпIэмкIэ заубгъуурэ кьрикIуащ, я гъуэгу телъ щIыналъэхэм щыпсэухэм яхэзэрыхьурэ. Абы кьыхэкIкIэ, нобэрей тувинхэри якутхэри, эвенкхэм е нанайхэм теплъэкIэ къащхьэщыкIыркъым. Апхуэдэ дыдэу, балъкъэрхэри къумыкъуэри, тыркухэмрэ азербайджанхэмрэ къаэзрыщхьэщыкIышхуэ щыIэкъым.

Сино-Кавказ *(Китайм щыIэ бзэхэмрэ Кавказым щызекIуэхэмрэ къыззщIиувыдзу)* пасэреибзэ щыIауэ къыщIокI. Ар зэрыщыIам щIэныгъэр щыхьэт тохъуэ. Ауэ ар куэдкIэ нэхъ пасэжщ щыщыIар, кавказ бзэжьыр къыхэкIын ипэкIэ. Кавказ бзэжьым и ужькIи Шэшэнымрэ Дагъыстэнымрэ щызекIуэ нохчи-дагъыстэныбзэхэр къыхэкIащ, мыдрей лъэныкъуэмкIэ - мыбы щызекIуэ абхъаз-адыгэхэм я бзэхэр.

Пасэ зэманым кавказыбзэхэм я къудамитIми нэхъ заубгъуауэ щытащ, сыту жьпIэмэ, куржыбзэри ермэлыбзэри кавказыбзэхэм яхьхьэркъым. Ахэр «ностратическэ бзэхэр» жьхуаIэм хеубыдэ: ермэлыбзэр - индоевропейскэ бзэ гупым, куржыбзэр - картвел бзэ гупым хохьэ, ауэ езы тIур зэрызэпэгъунэгъур нэхъыбзэщ, кавказыбзэхэм зэрапэгъунэгъум нэхъри.

Ахэр *(куржыбзэмрэ ермэлыбзэмрэ)* иджырей Кавказым щыщыбгъуэ щыналъэракъым щызэфIэувар. Ахэр щызэфIэува щыпIэ жьхэр иджырей КъуэкIыпIэ Тыркум хуоз. Пасэрей Куржымрэ Пасэрей Армениемрэ нэхъ щызэфIэувауэ жьпIэ хъунущ а бзэхэр. Тыркум къинэжаишхуэ щыIэкъым ахэр зыIурылъ, Кавказым закъуэтIакъуэ ущрохьэлIэ.

Нохчи-дагъыстэныбзэхэм Дагъыстэнымрэ КъуэкIыпIэ Кавказымрэ нэмыщI, зэры-Азербайджану, КъуэкIыпIэ Куржыр зэрыщыту, иджырей Армениер, Ираныр зэлъагъэIэсу щытагъэнущ. Абхъаз-адыгэбзэхэр щызекIуар дэнэ жьпIэмэ, щэч къытумыхьэу пхужьIэнущ абы Краснодар крайр, Абхъазыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым уфIэкIмэ, иджыри КъухьэпIэ Куржыр, абы къыбгъэдэлъ Ищхъэрэ-КъуэкIыпIэ Тыркур къызэщIиувыдзу щытауэ. Дэнэ ар щытщIэр?

Япэрауэ, хьэтыбзэкIэ тхыгъэхэр къэнащи, абы щыдолъагъу пасэрей хьэтыбзэм и зэхэлъыкIэр абхъазыбзэм, абхъаз-адыгэбзэ псомиз зэрещхьыр. КъухьэпIэ Куржым «гидроним» жьхуаIэ псыцIэхэм дыщрохьэпIэ «псы» псалъэр лъабжьэ яхуэхъуу. Псалъэм папщIэ «Супсэ» - псыежэхми абы бгъэдэлъ къуажэми я цIэщ. Абы и закъуэкъым, псыцIэ куэд щыIэщ «псы» псалъэр хэту, ар абхъаз-адыгэбзэм къызэрыхэкIар гурыIуэгъуэщ. Абы къикIраци, зэгуэр КъухьэпIэ Куржым мегрелхэм, имеретинхэм, сванхэм япэ адыгэхэр исауэ аращ. Ар ямыдзу дэуэн гуэрхэри щыIэнущ, ауэ ахэр щоуэ, сыту жьпIэмэ, апхуэдэ щыхьэтхэр шэч зыхэмыIъ, уи фIэщ хъу щыхьэтхэщ.

Апхуэдэ щIыкIэу абхъаз-адыгэбзэхэр псоми я зэхуэдэ кавказыбзэжьым къыхэкIащ. Куржыбзэри, ермэлыбзэри, осетиныбзэри, тюрк лъабжьэ зиIэ балъкъэрыбзэри, къумыкъубзэри, азербайджаныбзэри нэхъ кIасэу Кавказым къыщыхуа лъэпкъыбзэхэщ.

Адыгэбзэмрэ китаибзэмрэ зэблагъэу къыззрыщIэкIар

Адыгэбзэмрэ китаибзэмрэ зэблагъэу къыззрыщIэкIар гъэщIэгъэуэнщ. Ар къыззращIар мыпхуэдэущ. Зи гугъу сщIа Старостин Сергей академик щIэрыIуэщ, щIэныгъэлIыш-хуэщ. Абы езым иригъэджа гъэсэнхэр иIэжт, мурад щхьэхуэхэм елэжьу. Арати, бзэ щIэныгъэлI гупитI зэригъэпэщащ. Бзэхэр зэралъытурэ зыдж щIэныгъэр - «сравнительная лингвистика» жьхуаIэр - есэп щIэныгъэущ къэлъытэн зэрыхуейр. Абы езым и хабзэхэр, къэхутэкIэ Iэмалкэр иIэжщ, есэпым ещхьу, щэч зыхэмылъ щыхьэтхэр къигъэнаIуэу. Иджырей бзэхэр зэрагъэпащхуэр, зэрызэтехуэр, зэрызэщхьэщыкIыр зэхагъэкIыурэ, ахэр къызытехъукIыжа бзэжьыр къызэфIагъэувэжьыф. Арати, щIэныгъэлI гупитI къызэрагъэпэщри, зы гупым кьалэн щащIащ пасэрей кавказыбзэжьыр зэфIагъэувэжьыну, етIуанэм - тибеткитай бзэжьыр. А гупитIыр щхьэхуэщхьэхуэу лажьэу, къахутар къыщагъэнаIуэм, Старостиным абыхэм къраихьэлIа лэжьыгъэр зэрелъытыжащ. ГупитIми зэфIагъэувэжа бзэжьхэр зыуэ къыщIэкIащ. ЯпэщIыкIэ и фIэщ хуэакъым. Зэи, тIэуи, аргуэруи елъытежахэщ, щыуагъэ хэттэкъым. ИкIи гурыIуэгъуэ хуащ нобэрей кавказыбзэжьэ зыIурылъ лъэпкъхэм я адэжьхэмрэ нобэрей китай-тибет бзэхэм ирипсалъэ лъэпкъхэм я адэжьхэмрэ илъэс 1500 ипэкIэ зы бзэкIэ псалъэу зэрыщытар.

«Адыгэм» къикIыр сыт?

Кавказым щыщ псори теплъэкIэ дызэщхьщ. Сэ куржыль зыхэт ермэлыуэ сыщытщи, псалъэм папщIэ, фэрэ дэрэ теплъэкIэ дызэхуэдэщ. Мис а пэпкъ къыхэщымкIэ. Хьэрыт къэралхэм, Ираным, КъухьэпIэ Европэм я гугъу умыщIыхэ, е Азие Курытым щыщхэм дазэрещхьым нэхъри, дэ нэхъ дызэщхьщ. Бзэхэм зэхъуэжми, теплъэр къызэтонэ.

Дэ псомиз бзэ зэмылIэужьыгъуэ зыгурылъа адэжьхэр диIэнкIи къынущ, абыхэм кавказыбзи мыкавказыбзи яхэту. Ауэ лъэпкъыцIэри лъэпкъ щхьэхуэу зозыгъэбжьж гупсысэкIри къыкIэлъыкIуэ ныбжьым зэрыIэрыхьэр бзэкIэщ. Мыбдежым теплъэм мыхьэнэуэ иIэр нэхъ мащIэщ.

Адыгэ тхыдэм и гугъу тщIыну дыхуежьэмэ, илъэс минищкIэ дикIуэтыжьын хуей хъунущ, «адыгэ лъэпкъэр» жьхуаIэхэм я деж: *керкетхэм, джикхэм, пасэрей кашкэхэм, пасэрей зиххэм.* Нобэрей куржыбзэм шэрджэс лъэпкъ фIэщыгъэу щызокIуэ *джикхэмрэ джикетхэмрэ.* А цIэхэр тIуапсэ и Iэгъуэблагъэращ къыщежьар. Иджыри *кашгахэр, кашкахэр.* Аращ куржыхэр адыгэхэм къызэщIэубыдауэ зэреджэр. А фIэщыгъэхэр алыдж-урым фIэщыгъэхэми ятоуэ. Сэ щэч къытызохьэ «адыгэ» лъэпкъыцIэр къызэдикIам, ар къыщыхъуа щыпIэмрэ лъабжьэ хуэхъуа мыхьэнэмрэ. «Дыгъэ» псалъэм къытекIагъэри хэлъщ, кавказ лъэпкъ куэдым зы мыхьэнэщ абы къраГъэкIыр. КуржыбзэкIэ «дыгъэ» жиIэмэ «махуэ» къэкI. Ари дыгъэу араккъэ? Ар хуэгъэфащэныгъэхэм язу аркъудейщ. Мыр зэкIэ куэзыридзым ещхьщ, куууэ джьпхъэщ «адыгэ» лъэпкъыцIэр къызэдикIар. Дапщэщ ар лъэпкъыцIэ щыхъуар? Щэч хэмылъу, куэд щIащ. Сыт хуэдэ лъэпкъым и деж къыщежьар? Ари щэчыншэу пхужьIэну щыткъым.

Абхъаз-адыгэхэм яIыгъыу щыта щIыналъэр

Абхъаз-адыгэхэм зэгуэр щыпIэ абрагъуэ яубыду щытащ: Тырку Ищхъэрэм, КъухьэпIэ Куржыри хэту, къыщебгъажьэмэ, иджырей Кубань Iэгъуэблагъэри, уеблэмэ Тэн (Дон) и егъэзыхьпIэм нэс къызэщIиувыдзэу.

Иужькlэ, Iэпхъуэшапхъуэхэр псэу лъэпкъхэм бгы лъапэхэм зыщаубгъуа нэужь, адыгэхэм ей дыдэу щыт щIыкIэм нэхъ зызэщIакъуэу хуежьащ. Монголхэм Алан къэралыгъэр зэтракъута нэужь, аланхэм я лIэужь дыдэу щыт осетинхэр Осетие Ищхъэрэм иубыд щIыпIэ мащIэращ къыщIэзтенар. Хуит хъужа щIыпIэхэм адыгэхэм зыщагъкъуэдижурэ, иджы аланхэм ящыщ гуэрхэри, тюрк щыпхъу-хэу балъкъэр, къумыкъу, къэрэшей хъуахэри, абыхэм ящыщу адыгэхэм къаХэшыпсыхьахэри яхэту, аргуэру Темэнрэ Мэздэгурэ я зэхуакум зыщаубгъуащ.

Курыт лIэщIыгъуэхэм щыIа Шэрджэсейм и щIыналъэр ипэжьыпIэкIэ Темэнрэ Мэздэгурэ я зэхуаку дэлъ щыIэращ. Ар зыхуэзэр XIV, XV, XVI лIэщIыгъуэхэращ. Адэкlэ къэхъуар псоми ящIэ. Къэбэрдейр Урысейм гурыIуэну зэрыхуеижьар фIыкIэ узыщIигъуэ хуэн Iэухут, ауэ политикэ щхьэусыгъуэ гуэрхэм ар къагъэхъуакъым, зиужьакъым. Адэкlэ чыристан диным и пIэ ислъамыр къиуващ. КIуэ, ислъамми чыристанымрэ япэжьжьэ зэрахьэу щыта тхьэ хуэпщылIыкIэ щапхъэ гуэрхэри къанэу. Аракъэ диным хуэярыщхэм яГу темыхуэр. Ауэ ар, уухуей-ухуэмейми, тхыдэм щыщщ.

Адыгэхэм я щэнхабзэм и тхыдэм журтхэми, чыристанхэми, мусулъманхэми япэж зекIуэу щыта «мажуский хабзэ» зыфIаща лъэпкъ дауэдащIэхэми ущрохьэлIэ. ИпэжьыпIэкIэ ар мажуситIгъэкъым, абы пэжу зэреджапхъэр «анимистическэ» дуней еплъыкIэщ.

Адыгэхэм я лъэпкъ гуэзвэгъуэм ещхь дунейпсо тхыдэм хэткъым

Аращ адыгэхэм я тхыдэм теухуауэ пхужьIэнур, XIX лIэщIыгъуэм къэхъуа лъэпкъ гуэзвэгъуэм унэсыжу. Абыи псори щыгъуазэщ. Абы хуэбгъэдэфын гуэзвэгъуэ, уеблэмэ, дунейпсо цIыхубэр къызэрикIуа гъэзгуанэм къыщыпхуэгъуэтынукъым.Ебгъэпщафынущ, псалъэм папщIэ, Индеемрэ Палестинэмрэ иса журт лъэпкъыжьым я хэкур зэрафIэкIуэда щыкIэр. Иерусалимыр якъутэри зэфIагъэувэжащ, япэщыкIэ урым кьалэ хуэдэу, иужькIэ хьэрыпI кьалэу, журтхэм я гощент 95-р Мароккэм щегъэжьауэ Азие Курытым, Индие Ипщэм нэс щызэбгрыдзауэ.

НэгъуэщI щапхъэу Ирландиер къыпхуэщтэнущ. Ирландиер щэнхабзэ лъагэ зиIэ къэралыгъуэ щIэращIэу щытащ, иджныдза зэрыпхъуакIуэхэр ятеуэзу. Иджныпхъэм Ирландием и зы Iыхьэр зэтракъутэри, адрейхэр хагъэзыхьуэр Шотландием, езыхэм яубыда нэгъуэщI щIыналъэхэм ягъэIэпхъуащ. Ар адыгэ мухъэжыр Iуэхум и пэ къихуэзу къэхъуа си гугъэжщ, 1847 гъэхэм. Инджылызыр гъаблэм зэщIищта нэужь, Ирландием гуэдзу иIэр абы ирагъэшат, езы ирландхэм кIэртIоф фIэкIа яшхын ямыIэу. Арати, гъэ гуэрым кIэртIофым уз къыхьыхэри езы Ирландиер гъаблэм иубыдащ. Хэкlуэдар хэкIуэдауэ, Америкэм, адрей къэралхэм Iэпхъуэн хуей хъуахэщ ирландхэр. Иджыпсту Ирландием ирланд лъэпкъым щыщу мелуаниищ хуэдиз исми аращ, адрей мелуан тIощIыр дуней псом тепхъащ. Ауэ ар зауэм къихьа Iэпхъуэкъым, гъаблэрщ къызыхэкIар. Урым империем щызэбгрыдза журтхэри, Британ империем щызэбгрыдза ирландхэри куэдкIэ нэхъ мащIэщ, Урыс империем и адрыщкIэ зыщыхута адыгэхэм я бжьыгъэм нэхъ рэ. Адыгэхэм я процент 85 - 90-р нобэ адыгэ щIыналъэм пэIэщIэу мэпсэу. Зэры-Кавказ Ищхъэрэу къапщтэми, Темэнрэ Мэздэгурэ я зэхуакум иджыпсту адыгэу 600000 хуэдиз исми аращ. Адрей мелуаниищыр *(нэхъ мащIэ дыдэу хуэбгъэфащэмэ)* къэрал 50-м щыIэщ. Аращ адыгэхэм я тхыдэр.

Ар псоми ящIэ, ауэ мыхьэнэуэ иратыр зэущхьыкIыж. Политикэ и лъэныкъуэкIэ зыхьыхьэ лъэныкъуэм елъытауэ, а адыгэхэм я тхыдэр еплъыкIэ зэхуэмыдэкIэ зэпаплъыхь. Ауэ мыхьэнэ зиIэу пхужьIэнур мыращ. Нэхъ мащIэ дыдэу илъэс 3000 хъуауэ адыгэхэр Кавказым щопсэу. Илъэс 3000 и пэкIэ абыхэм я хэкум Трабзон щегъэжьауэ Ростов нэс къызэщIиубыдэрт, Къухьэпlэ Куржыри хэтыжу. «Адыгэхэр» щыжьысIэм деж абы хьэзогъэубыдэ абхъаз-адыгэхэри, абхъаз-абазэ лъэпкъхэри.

Трабзон щегъэжьауэ Ростов нэс, Къухьэпlэ Куржыри хэту, япэрей адыгэ лъапсэу щытащ. Нобэрей адыгэ щIыналъэ хъур зыхуэдэр фощIэ. Адыгей республикэ цIыкIур, Шапсыгъ район цIыкIу дыдэр, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ шэрджэс щIыпIэхэр. Абыи мыбыи адыгэхэр а щIыпIэхэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм нэхърэ щынэхъ мащIэщ.

Зыгъэжьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.



Адыгэ зауэлI. *Сурэтыр* **Штерн Бернхард** *ищIащ. 1864 гъэ*

Адыгэдзэр щызэхуэс щIыпIэ. *Сурэтыр* **Бёлл Джеймс** *ищIащ. 1840 гъэ*

Убын псым деж адыгэпщхэр щызэIуощIэ. *1831 гъэ*

Кавказ зауэм и зы теплъэгъуэ. *1858 гъэ*

● Псалъэжьхэр

КIуэм и гъуэгу хощI

●Жармыкlэм къыщыхъуар жармыкlэм щыззэхэкlыжьынц.
●Мысэр малъэри хейм и лъакъуэр щIеуд.
●Мыублэ мыхъумэ, мыух щыIэкъым.
●Псалъэ лейм баш лей даIэтыркъым.
●Уи гуащIэ еплъи уи лъэ гъэбакъуэ.
●Хэплъыхь Iыхьэншэщ.
●ГъунэгъуфI - къуэшыфI пэлъытэщ.
●КIуэм и гъуэгу хощI.
●Дадэм щIыгъур нанэщи, нанэм щIыгъур дадэщ.
●Зэхэкlыр губжьым къыхокI.

Къуэдзокъуэр мазэм зэрыкIуар

Хъыбархэр

- Уэлэхьэ, тIасэ, ар уэ уи фIэщ мыхъункIи хъунщ, ауэ мы дуней псор къэзыгъэнэху мо мазэм къэскIухьу сытетамэ сэ къэплъагъур!

- Агъ! Ар дауэ, абы нэс сыткIэ удэкIуеят, ТIалиб?

- Уэлэхьэ, МылитIэ, уи гъащIэкIэ угупсысами къыпхуэмыщIэн сэ абы сызэрыдэкIуеят щIыкIэр! Схуэхъуу сыдэкIуеят уфIэщIрэ? Уэлэхьэ, лъэщыгъэкIэ сыдрахуеятмэ! Зыми жумыIэж, ауэ зэрыхъуар мыращ.

Ервэлуцэм и зэманэ Бесльэней Хьэбалэ дэрэ шу щэ ныкъуэ ди гъусэу къуршым дыкъикIыжкуэ дыкъыздэкIыжьыщ, Гундзэн жьхуаIэ псыр Бахъсэн къыщыхэхуэжьым деж, шокъу жиIэу белэн дащыIуащIащ, шу мин хъуэ, Инэрокъуэ инэралыжьыр я пашэу. Сыт тщIэнт? Ззэауэр едгъэжьащ. КьуэлъыкIуэлъхуэм щIэддзар шэджагъуэнэужь хъуху дыззэзуауэ, си щхьэр къэсIэтрэ сакъыхэплъэмэ - белэр иджыри шу щитхум зэрынэхьэсу, дэ зы шу пщыкIутху нэхьибэ дымыкъужу! «Дашхьпэ иджы мыбыхэм!» - жысIэри Бесльэнейм седжащ:

- Хьэбалэ, шу пашэу япэ ниуви, къуршымкIэ нешажьэ ди дзэр, хьэлэч дыдэ дохъу, сэ шуукIэ къалэу фяужь ситынщ,- жысIэри.

- Ерэхъу! - жиIэри Хьэбалэм ди шу пщыкIутху къэнжар иришэжьауэ Бахъсэн ауэзым ныдешэ, сэри шуукIэ къалэу сыщытщи, зызгъаззэм сахэуэурэ, сахэуэхуи шууитIшууищ яхэзудурэ дыкьокIуэ. Апхуэдэххэурэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ дыкъыщыщIахуэм, шууитху фIэкIа дыкъэнэжатэкъым, белэри шу щищ иримыкъужу апхуэдэт.

- Мы хьэ бзаджэхэр дяужь икIынукъым, Хьэбалэ, сыт ди Iэмал? - щыжысIэм:

- Сыт тщIэн, Кьуэдзокъуэ, - жиIащ.- Уэлэхьи, сымыщIэ, Iуащхьэмахуэ дыдагъэкIуеят. Дишхэр щолъэхъущ, ешами дыдахынщ. Щыгур эз дгъуэтмэ, шыплIэпылимоткIэ дакъыхэуэурэ ныдэдгъэкIуеинкъым.

- Ерэхъу! - жысIэри Iуащхьэмахуэ дыкIрыхьауэ дыдокI; дишхэм я пэщхьыным кърих мафIэ бзийм уэсыр егъэткIу, игъэткIуар псыхьэлыгГуэу кьежьэмэ, зэхэлъэдэжурэ, псышхуэ мэхъури, пхъэр нытлъеIэм зы шууитI хичурэ ирехьэх. Псыдзэр Бахъсэн хохуэжри, нэпкъитIым хуэфIу йох, къущхьэ жылгъэкр къурш сыджхэм зэрыдзэхауэ тетщ, къэхъуари-къэщIари къаХуэмыщIэу.

Ауэдэу дэри дыдэкIым, мохэри нытлъеIэурэ, Iуащхьэмахуэ уанэ зыщищI увыпIэм дыщынэсам, ди шу щэ ныкъуэм щыщу къэнжар Бесльэней и къуэжьымрэ сэрэт. Дишхэм зедгъэльэтэжщ аби, шыплIэпылимотхэр кьыззэIуддзэр, нартыху пIэнкIым хуэдэу, ятедгъэпъалъэу щIддзадзащ, арщхьэкIэ дыгъэр щыкъухьэ дакъыкъэм ирихьэлIэу шэуэ диIар дыухащ. Ар щалъагъум белэр зэрыгъэкIиящ, Инэрокъуэ инэралыжьыр нэджащ:

- УкъыспэщIэхуакъэ иджы, Кьуэдзокъуэ и къуэжь! - жиIэри.

Инэрокъуэм дзэр хуэд щIауэ дызэбийт, зыпылъ хьыджэбзыр кьэзгъэкIуэсауэ щытат.

- Умыгугъэ, инэралыжь! - жысIэри сыджэжащ сэри. - Уэлэхьэ, кьамэ щыIэм иджыри.

АрщхьэкIэ кьамэкIэ шуудзэ псом уапэлъэщынт! Iуащхьэмахуэ джабэм кIэрылъ уэсыр уамыгъэлъагъужу къыдэкIуейрт Инэрокъуэм и дзэр. Шу пашэхэр кьэсыным саржьн тIощIырыпщI нэхъыбэ иIэжтэкъым. Абдежым, уэздыгъэр щIагъэнам хуэдэу, Iуащхьэмахуэ щыгур нэху къэхъуащ. Мыр сыту пIэрэ жысIэри сыкъыдэплъеймэ - мазэр пшэ гуэрэным къыщIэмбырыуауэ къокIуэ, Iуащхьэмахуэ и дыкъуакъуапIэм къытригъэпсауэ.

- Хьэбалэ, умыбзэрыгъ иджы! - жысIэри, мазэр къыщысым сыльэри, зы жыг щхьэкIэ къззубыдащ, Бесльэней и къуэжьри налъэри, нэгъуэщI зы жыг щхьэкIэ иубыдащ.

Инэрокъуэ инэралыжьым и жьэр Iурыхуауэ наплъэу, мазэм дытесу Iуащхьэмахуэ дыщхьэщыкIри, дежьэжащ. Жыгхэм дыкъепщыхьыжри щIыгум дыкъытеувэ нэужь, фIыуэ зытплъыхьащ. Иджы ар мы ди щIым утету ущыпплъэкIэ, мазэр жьжьэщи цIыкIуу къыпфIощI, арщхьэкIэ гъунэгъуу убгъэдыхьэмэ инщ, мо Ерысто Iуащхьэ хуэдэу тIу-щы хъунщ, езыр зэфэззэщу плъыжьщ, хъарбыз зэгуэгъэхуам ещхьу.

- Уэлэхьэ, псы сыхуолIэм, Кьуэдзокъуэ, - жиIащ Хьэбалэ, фIыуэ зытплъыхьа иужь, - ауэ псы щызмылъагъу мы сыкъыздэпшам.

Дежьэри псы къэтплъыхуащ. Шыгуэбыкъуэ хуэдиз хъун жьыIэну зы псы цIыкIу къежэхыри, дыIугъуалъхьэри, дефащ. Псыр дзэм дыхьэу щIыIэт, фом хуэдэу IэфIт. Ди псыхуэлIэ икIри, псы цIыкIм и Iуфэ дыIутурэ, ипщэкIэ докIуэ. Доплъэри, мазэм и курыкупсэм къыщыщIэжу арат а псы Iэфэ цIыкIури, мэлыхъуэжь цIыкIум и хъушэр кьихуауэ псы иригъафэу дольагъу.

- Бохъу апщий!

- Уэ упсэу апщий! Фыкъеблагъэ!

-Уэлэхьэ дыкъеблэгъамэ, дэнэ дыкIуэжьи!

Мэлыхъуэжь цIыкIум и пщыIэмкIэ дытришэри, ди Iуэху зыIутыр кьыщищIэм, гъэлъэхъу тIущIэ къытридзэри тхуиукIащ.

Илъэс псокIэ дигъатхъэ-дигъашхэу дигъэхьэщIащ мэлыхъуэжь цIыкIум. Илъэсыр дэкIри, мазэм Iуащхьэмахуэ дыкъуакъуэм къытригъэпсауэ къыщыхуэкIуэм зредгъэхьэлIэри, дыкъепкIэжащ. Мэлыхъуэжь цIыкIур, сыт жедмыIами, къытхуехьыжи идакъым, сэ Амыщ сримэлыхъуэщ, мэлыр дауэ губгъуэм къизнэн, - жиIэри.

Iуащхьэмахуэ дыкъехьыжри, Бахъсэн Iуфэ дыкъыщыIухьэжьым, дишхэр щыщу мэзым къэхъкIыжащ. Дишхэм фIыуэ загъэпсэхуат, дэри ди къару кьиэзгъуэтыжати, дышэсыжри ервэлуцэм дгъэззэжащ. Белэр кьетхужьэщ аби, къэтхум-къэтхуурэ, Тэрч IуфIэ къэтхусауэ, Инэрокъуэ инэралыжьыр псым щыхэпкIэм хуэззу, си аркъэнар здэыри, уанэгум кьисчщ аби, псым кьыхэслъэсфьжащ.

- Мис апхуэдэущ кIэс къыззраубыдыр Инэрокъуэ и къуэжь! - щыжесIэм:

- Уи насыпI къыстекIуащ,- жиIати, хуэздакъым:

- Уэ кьыптекIуар зищIысыр уэ уощIэж! - жысIэри.

Бесльэней Хьэбалэ дунейм ехьжащи, и хьэдыхэ фIы Тхьэм хуищI! Абы кьимыдэкIэ, уэр фIэкIа, ди Iуэху зэрыхъуам щыгъуэзэ дунейм зы цIыхуи теткъым. Кьызжиакъым жумыIэж: думыIуэтэж!

НАЛО Заур.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухъэрэ илъэс 400 щрикъум Москва кIуа артистхэм ВДНХ-м зыщаплъыхь. Цей хужь зыщыгъыр къэфакIуэ цIэрыIуэ Дашу Хьэшырщ. *1957 гъэ*

● Апхуэди къохъу

УсакIуэм и хъыбарегъащIэ

УсакIуэ гуэрым хьэрычэтыщIэ ныбжьэгъу иIэт. Хьэрычатыщ1эм и Iуэхухэр хъарзынэу кIуатэрт. Нэхъри зригъэубгъун папщIэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми Iуэху щищIэну мурад ищIащ. Абы папщIэ и унэ лъапсэр ищэу, Iэпхъуэну и гугъэт. Ар усакIуэм елъэIуащ и унэр зэрищэжым теухуауэ газетым къытригъэдзэну хъыбарегъащIэ тIэкIу хуэзахилъхьэну.

УСАКIУЭМ тхылъымпIэ кIапэрэ къэрэндащрэ къыщIэри, хъыбарегъащIэр итхащ: «Къуажэ гуэрым щащэ гуфIэгъуэмрэ насыпымрэ я кIуапIэу зы унэ лъапсэ мыин дыдэ. ИгъуэнэмкIэ щежэх псы цIыкIур зэн-зэныпсым хуэдэу кьабзэщ. ПщэдджыкькIэрэ жыг баринэхэм я къудамэхэм бзуэр щобзэрабзэри, гуапэу укъагъэуш. Дыгъэ къыщIэкIыгъуэм унэм нур тредзэ, дыгъэр щыкъухьэкIи, псэр зыгъэтынш жьауэ трещIэ. Жыг хадэ цIыкIум хьэуар щыкъабзэщ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ удз гъэгъамрэ я мэр хэзщи».

Мазэ бжьигэ докIри, усакIуэр щIоупщIэ ныбжьэгъум и унэм и хъыбарым.

- Уэ птха хъыбарегъащIэм сыкъеджа нэужь, си унэр сщэну си пщIыхьэпIи къыхэхуэжакъым. ЗыкIи схуэхъуэжьынутэкъым си лъапсэ телъыджэр, - жиIащ абы.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Чэнджэщхэр

Бжьыныхур сэбэпщ

Дзэр быдэ хъун щхьэкIэ гуэдзым къыхэщIыкIа кIыпIэ я жьэм жьэдалъхьэри ягъэнащкIуурэ жьэдагъэлъэ, яхуэшэчыхь, итIанэ къыжьэдадзыж. Апхуэдэурэ илъэсым къриубыдэу тхуэ-хэ ящI.

* * *

Тэрчдэсхэм тэмакъ узыр, бгъэч узыр зэрагъэхъужу щытар: абы щхьэкIэ гуэдз хуэнщIейр псы хуабэкIэ зэхащIэрт, цIыху сымаджэм и пщэм тралъхьэрт, ялхэжьыртэ нэху кърагъэкIырт. Апхуэдэурэ тIэу-щэ ящIмэ, узыр хъужьырт.

* * *

Лъы зи мащIэ цIыхум нэхъ ишхырейуэ щытын хуейщ бжьыныхуэ шыпсыр. Абы лъыр егъэкъабзэ, фIыуэ зэрегъакIуэ.

* * *

Джэджьей, гуэгуш шыр цIыкIуэм бжьыныхуэ, бжьын цIынэхэм я тхьэмпэр цIыкIу-цIыкIуурэ зэпагъэлъэлъэри хуэнщIейм хэпщауэ гъатхэм ирагъэшх. Абы витамин куэд хэлъщи, а шыр цIыкIуэр мысымаджэу, нэхъ къару яIэу къэхъу икIи шхэрей мэхъу.

* * *

Матэкхъуейр жэмыр лъхуэуэ махуищ дэкIа иужьkIэ къаша шэращ къызыхащIыкIыу щытар. *Мыпхуэдэуи хахьрт:* лъатэпсыр шатэпскIэ зэIахьырт, ар шэм хакIэжьырти, абыкIэ матэкхъуей хахьрт.

● Гушыlэхэр

Дохутыр дыхуей хъумэ…

Лым и щхьэгъусэр сымаджэ къэхъури сымаджэщым ишащ.

Бжэ щIыхьэпIэм деж щыт бзылъхугъэр къоупщI:

- Паспорт, тхылъымпIэ фызыхуеинуэр фIыгъ?

- НтIэ.

- ТепIэнщIэлъын къыздэфщта?

- НтIэ.

- Сымаджэр зытелъын щхьэнтэ къэфхьа?

- НтIэ.

- Хущхъуэр зэрыхагъэлъэдэн системэ къэфщэхуа?

- НтIэ.

- Хъэлат хужь щыгъыу мо фи гъусэр хэт?

- Дохутыр дыхуей хъумэ, жысIэри къыздэсшауэ аращ, - итащ жэуап лым.

Дауэ уагъэлажьэрэ?

И ныбжьыр нэса щхьэкIэ, цIыкIуIуэти сабийр еджапIэм къащтэн ядэртэкъым. И анэм щытригъэчыныхьым, сабийр школ унафэщIым хущIашащ. УнафэщIым щIалэ цIыкIур игъэунэхун мурадкIэ къоупщI:

- Хьэм тхьэкIумэ дапщэ тет?

- ТIу.

- ТхьэкIумэкIыхьым лъакъуэ дапщэ иIэ?

- ПлIы.

- Бажэм и фэр сыт хуэдэ?

- Уа, афIэкIа умыщIэу мы школым дауэ ущагъэлажьэрэ? - жеIэ щIалэ цIыкIур губжьауэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5**. Ди мэлыр... хъуауэ пщIантIэр къеуфэрэзыхь. **7**. Ябэ ... ущIэмынакIэ. **8**. Нэхъапэм нэхъ пльэкIынигъэ зиIэ адыгэхэм нэгъуэщI унагъуэм ирагъэпIу щыта я щIалэ цIыкIу. **9**. Адыгэм я унащхьэр абыкIэ ягъэбыдэу щытащ. **10**. Зрагъэдэхэну цIыхубзхэм зыкIэралъхьэ хьэпшыпцIыкIу. **11**. Беларуссием хихубыдэ кьалэ быдапIэ-лIыхьужь. **13**. Зэпэхъуерейуэ пшэр. **14**. Шым и кIуэкIэ. **15**. Тонн 60-80 хуэдэ ику ити къэзышэч «бдзэжьей». **17**. Гуэгушыхъум, къазыхъум я бгъэгум тет пшэрыпIэ. **18**. Нэхъапэм ямыупсу щхьэкум къранэу щыта щхьэц Iэрамэ. **24**. Хьэлу, хьэтыкъ, чыржьи, ... **25**. Яхуэмылажьэ бжьэхъушхуэ. **27**. МахуэцIэ. **28**. ... псы кIэрыпщIэрэ? **29**. Жэмтхьэлэ къыщалъхуа адыгэ генерал. **33**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **34**. ... вы бжьакъуэм къокI. **35**. Танкэехуэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **36**. Шыуанышхуэ. **38**. Хывым нэгъуэщIу зэреджэр. **39**. Шы «вакъэ». **40**. Шыр зэрагъэIэсэ кIапсэ. **41**. Акъылыр щагуэшыпа пIанэпэм дэсар Iэджэщ.

Къехьу: 1. ПкIауэ лъэпкъ, макъ пIэнкI пыгъэкIэ джэуэ. **2**. Мэжджытым хэтщ ...джапIэ. **3**. Адыгэ усакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакIуэу щыта. **4**. Акъсырэ Залымхъан и пьесэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэр. **6**. Сталиным иужькIэ СССР- м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу, партым и ЦК-м и секретару щыта. **11**. Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпIэ. **12**. Адыгэ уэрэджэкIакIуэ Iэзэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артист. **16**. Пасэрей фоч. **19**. ЩIэпым ар къыхащIыкI. **20**. ЩIы къиуда. **21**. Мылым теухуа куэдажьэ: уеплъмэ, ..., уеджэмэ, дэгу. **22**. Дэыгъуэм и бий псэущхьэ дахэ цIыкIу. **23**. Шы къэпщIэнтIам къыщхьэщех. **26**. ЦIыху мелуан 200-м щIигъу щыпсэу мусулъмэн къэрал. **27**. Гъунэгъуэ ... **30**. Налшык дэт музтеатрым и уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **31**. ... лъакъуэ шкIэ иукIрэ? **32**. ГъэшхэкI. **37**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **38**. ... пыIэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



ЩIышылэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5**. Курыбэ. **6**. Хьэсэн. **7**. Былым. **8**. Басир. **11**. Ер. **12**. Уд. **14**. Без. **16**. ЗыпI. **18**. Дыщ. **19**. Къесу. **22**. Тебэ. **24**. Псыхуабэ. **25**. Журт. **27**. ПлIыр. **28**. Афэ. **29**. ЧыщI. **31**. Кугъуэ. **34**. Хъы. **37**. Уэ. **40**. Хэхэс. **41**. Дарий. **42**. Фэдэн. **43**. Бжьэхуц.

Къехьу: **1**. ЩыблэI. **2**. Хьэжмэт. **3**. Тхьэбзэ. **4**. Псысэ. **7**. Бжей. **9**. Радэ. **10**. Уае. **13**. Бзу. **15**. Хъущт. **17**. ПIастэ. **18**. Дэбэч. **20**. Еру. **21**. Шхуэ. **23**. Бгы. **26**. Таж. **27**. ПщIы. **30**. ПхъэХ. **32**. Гъунэ. **33**. Бзий. **35**. Хьэсанэ. **36**. Къэдабэ. **38**. Тхыдэ. **39**. Арджэн.

● Шхыныгъуэхэр

Тебэкlэ гъэжьа лы Iыхьэхэр, джэдыкlэ вынш телъу

Былымыл лыпцIэр грамми 100 хъу Iыхьэурэ, и Iувагъыр см 2-м нэблагъэу яупщIатэ. Шыгъу, шыбжий траудэ, тхъу хъэплъа зэрыт тебэм иралъхьэри лъэныкъуитIри тхуэзплъ дахэ, хьэзыр хъуху ягъажьэ. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж лы жьар тепщэчым иралъхьэри, абы и щIыIум джэдыкIэ вынш тралъхьэ, бжьыныху шыпс тракIэж. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ, щIакхъуэ и гъусэу.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): былымылу - г 200, джэдыкIэу - 1, тхъууэ - г 30, шатэу - г 30, бжьыныху укъэбзауэ - г 15, шыгъуу, шыбжийуэ узыхуэйм хуэдиз.

Къэб зыдэлъ хьэлывэ

ПщагъэкIэ япща тхьэвыр гуэдз хьэжьыгъэ зытегъэщэща Iэнэм трагъэхьри, я хьэлъагъыр г 60-70 хъу Iыхьэурэ зэпаупщI, я Iувагъыр мм 2-3 хъууэ яху, къэб хьэжар тралъхьэри тхъэв кIапэхэр зэрагъэубыд. Хьэлывэр тхъу зыщыхуа тебэм иралъхьэ, хьэкулъэм ирагъэувэри, хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20-25-кIэ, ягъажьэ.

Хьэлывэм дэпъынур: зи фэр нэхъ Iув къэб къащтэ, ятхьэщIри яльэщIыж, IупщIэурэ зэгуауд, и кум жьыIэри лъэхъщхэри кьрах, и фэр трагъэж, кьэнар лыхьэжьым щIагъкI. Абы фошыгъу халъхьэ, зэIащIэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 10-12-кIэ щыIапIэм щагъэт. Псы лей къыщIэжамэ, щIакIэж.

Тхьэвым халъхьэхэр: гуэдз хьэжьыгъэу - г 500, шэуэ - г 250-рэ, пщагъэу - г 40, шыгъуу - г 5, фошыгъуу - г 30, *хьэлывэм дэпъынур:* къэбу - г 700.

КЪУБАТИЙ Борис.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Къумахуэ Аслъэн, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщIэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щIынэгъэсыр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщокl Соня,** *редактору* **Жылаесэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.233 ● Заказ №82